



**ANTHONY J. BENEDETTI**  
AVOKA ANCHÈF

**Committee for Public Counsel Services  
Private Counsel Division**

100 Federal Street, 14<sup>th</sup> Floor, Boston, MA 02114  
Telefòn: (617) 482-6212  
Faks: (617) 988-8493

**VANESSA VÉLEZ**  
AVOKA ANCHÈF ADJWEN

**ELIZABETH DEMBITZER**  
DIREKTÈ KONTESTASYON KRIMINÈL YO

Ak Moun Sa Gendwa Konsène:

Anvan CPCS ka afekte yon avoka sou dosye ou an tribinal lan dwe twouve ou "endijan". Nan yon lòt sans, yon jij dwe detèmine ou pa gen fon pou peye yon avoka pou tèt ou. Pou mande tribinal lan twouve ou endijan ou dwe ranpli epi depoze dokiman ki suiv yo la nan tribinal kote yo te kondane ou an:

1. Lèt motivasyon bay Grefye an, Seyans Kriminèl
2. Rekèt pou Yo Deklare Ou Endijan, ak Atestasyon Endijans. **Si ou nan prizon, ou dwe atache tou yon kopi enprime kont kantin ou an.** (Rekèt ou an ap rejte si ou nan prizon e ou pa atache yon kopi enprime kont kantin ou an.)

**Pa voye fòmilè sa yo tounen ban mwen.**

Ou menm, oswa yon moun nan non ou, gendwa pèsònèlman livre dokiman sa yo bay biwo grefye kriminèl lan, oswa ou gendwa voye yo nan lapòs bay tribinal lan.

Yon fwa tribinal lan deside sou rekèt ou an, li abityèlman avize CPCS. Apresa nou pral afekte yon avoka sou dosye ou an epi avize ou sou afektasyon an. Si tribinal lan voye ba ou kopi rekèt yo deside sou li an, ou ta dwe voye yo nan lapòs pou mwen.

Si tribinal lan rejte rekèt ou an, ou gen dwa ak yon odyans pou prèv pou rekonsidere konklizyon jij lan epi nominasyon yon avoka pou odyans sa a. Tanpri kontakte m si ou bezwen plis enfòmasyon sou kijan pou mande odyans sa a.

Si ou pa resevwa avi nan men Tribinal lan oswa nan men CPCS nan espas 45 jou apre ou fin poste rekèt yo bay tribinal lan, tanpri kontakte m e mwen ap enfòmè m sou sa.

Ak senserite,

Kathleen O'Connell  
Avoka Pèsònèl lan  
Inite Kontestasyon Kriminèl yo  
Divizyon Avoka Prive yo (Private Counsel Division)

KO: mt